ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№27 (23.185) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щ1эныгъэм щеф1ак1уэхэр ягъэгушхуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и цІэкІэ щыІэ стипендиер зыхуагъэфэщащ студентхэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпІащ. Ахэр еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс ныбжьыщІэ 40-рэ аспиранти 10-рэ мэхъу.

ЗЭХУЭСЫМ кърихьэлІахэм защыхуигъаззм, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ стипендие зратахэр апхуэдэ ныбжьым итхэм я щІэныгъэкІи жьджэрагъкІи къазэрыхэканыкІым шэч къызэрытримыхьэр.

- Мы зэманым мыхьэнэшхуэ иІэщ жылагъуэм дежкІэ щхьэпэ Іуэху зэфІэгъэкІыным. Си фІэщ мэхъу щІыналъэм зэрызиужьыну щІыкІэр ди щІалэгъуалэм къаззрыфІэІуэхур, абы и къэкІуэнум зэрытелэжьэнур. Стипендие зыхуэдгъэфэщахэм ар я гуащІэкІэ, щІэныгъэкІэ, жьыджэрагъкІэ къалэжьащ. Дгъэпажэхэм яхэтщ Кавказ Ищхъэрэм гъуэзджэхэмкІэ и къэрал институтым щеджэ, Санкт-Петербург, Сочэ, Новосибирск, нэгъуэщІ къалэхэми щекІуэкІа зэхьэзэхуэ инхэм лауреат щыхъуэ Кърдэн Тимур. Лъэпкъ макъамэ ІэмэпсымэкІэ абы классикэри ди пшынальэхэри Іэзэу зэригъэзащІэм уримыгушхуэу къанэркъым. Шэч къытесхьэркъым абы мурадышхуэхэр зэриІэм. Дэ ди мащІэкъым зэфІэкІ къэзыгъэльагъуэ щІалэгъуалэр. Сыхуейт дэтхэнэми игу ирилъхьэр къехъулІэну, сыту жьыпІэмэ, дауэ хьуми, ди къэкІуэнумкІэ дызыщыгугъыр ахэрщ, - жиІащ КІуэкІуэм. - Куэд елъытащ еджапІэм къышцат щІэныгъэм къищынэмыщІауэ, еджакІуэм езыми и къэухьым зэрызригъэужьыжьым, и гупсысэр нэхъ бей зэрищІым. Абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэу къэсхьыфынущ ноб0 ди пэшым щІэс, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щеджэ Маркинэ Викторие. ЩІыналъэ зэхьэзэхуэм щытекІуэри, «Экспертиза и управление недвижимости» Іэщ1агъэмкІэ абы урысейпсо олимпиадэм и саугъэт къыхьащ. Іуэхугъэ щхьэхуэхэм ятеухуауэ щІэныгъэ лэжьыгъэу 6 къытрыригъэдзащ. ЕхъулІэныгъэхэр къеГъэлъагъуэ КъБКъУ-м «Высокомолекулярные соединения» Іэщ1агъэмкІэ и аспирант Балаевэ Марини. Абы химием куэду зэхэт и пкъыгъуэхэм ятриухуа и лэжьыгъитІ пхигъэкІащ. СызэрыщыгъуаззмкІэ, Маринэ езым и щІэныгъэ школ къызэІуихыу зыхуеджам нэхъри зригъэубгъуну и гугъэщ. ЖысІэну сызыхуейращи, ди щІалэгъуалэр хуэхьэзырщ щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэм, абы, шэч хэмылъу, уегъэгуфІэ. Нобэ дгъэпажэхэм я зэфІэкІым зырызыххэу укъытеувыІэурэ куэдрэ упсэльэфынущ. Дэ дропагэ апхуэдэ щІалэгъуалэ дызэриІэм.

Апхуэдэуи КІуэкІуэм и псалъэм дыщІигъужащ псынщІэу зызыхъуэж зэманым декІуу псэун, зыужьын зэрыхуейр щІалэгъуалэм зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур. «Іуэхум фызэрехъулІэм елъытауэщ зэрызивужьынур. Ар зыщымвыгъэгъупщэ. Псоми ди зэхуэдэ къалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым и щІыналъэ нэхъ зызыужьахэм ящыщ тщІыныр. ЩІэныгъэкІи, лэжьыгъэкІи, унагъуэкІи зывзэщІыну сынныбохъуэхьу», - пищащ республикэм и Іэтащхьэм.

Зэхуэсым и Іыхьэ етІуанэм КъБР-м и Іэтащхьэм и цІэкІэ щыІэ стипендиер зэрыхуагъэфэщамкІэ тхьилъхэр ягъэлъапІэхэм иратыжащ. ФІыщІэ псалъэкІэ аспирантхэм къабгъэдэкІыу Балаевэ Маринэ КІуэкІуэ Юрий зыхуигъэзащ. «Нобэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм заужьын папщІэ КъБКъУ-м и лабораторэм зыхуейр щагъуэт. ЩІэныгъэ лэжьыгъэм сэ лъагапІэщІэхэр къысхуэзІуихащ икІи си гугъэщ а гъуэгум дяпэкІи сытетыну. ФІыщІэ фхуэощ дэІэпыкъуэгъу къытхуэхьу республикэ унафэщІэхэми дезыгъаджэхэми», - жиІащ абы.

«Къытхуэфщ1 гулъытэм ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жьыпІэмэ зыгуэрым урисэбэну щыпщІэкІэ, адэкІи нэхъыфІ уэзрыхъунум ухущІегъэкъу. Дэ ди насыпу къыдольытэ, егъэджакІуэ Іэзэхэм драгъэджэну, абыхэм я деж куэд къыщытщІэну Іэмал диІэщи. Ди гупсысэр зытеухуар щІыналъэм дэри зыгуэркІэ сэбэп дыззэрыхуэхъунырщ. Ди дежкІэ пщІэшхуэщ КъБКъУ-м и попечительскэ советым и унафэщІу щытыныр КІуэкІуэ Юрий къызэрыдиІыгъар, - жиІащ КъБКъУ-м «Экономикэ» Іэщ1агъэмкІэ и магистр Къумыкъу Лианэ. - Дэ къыдгуроІуэ щІэныгъэм уэхтыныр зэрымыІуэху тыншыр, абы къару куэд тебгъэкІуэдэн зэрыхуейр. А псор тхузэфІэкІын щхьэкІэ республикэм и унафэщІэм зыкъытущІагъакъуэри, абы нэхъыбэжьым дыхущІэкъуну гукъыдэж къыдет».

Зэхуэсым я пшынэр щагъэбзэрэбзащ Кърдэн Тимуррэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуэзджэхэмкІэ и къэрал институтым и профессор Шэрыб Валерэрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Мазаем и 15-м Урысейм щагъэлъэпІащ зи къалэныр къэрал щІыбым щызыгъэзэщІа ди хэкуэгъуэхэм я фэеплъыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зауэлІ-интернационалистхэм а махуэм захуигъэзащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

«Нобэ илъэс 27-рэ ирокъу советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ, - къыщыгъэлъэгъуащ абы ветеранхэм зэрызахуигъэзам. - Зи интернациональнэ, зауэлІ къалэнхэр хьэлэлу зыгъэззэщІахэм яхэтащ ди щІыналъэм и цІыху 1800-рэ. Гуауэзщ абыхэм ящыщу 55-р зэрыхкІуэдар. Дэ зэи дигу ихункъым хуагъэуву къалэнхэр ягъэзащІэурэ зи псэр зытахэр. ЗауэлІ-интернационалистхэм ящыщ куэд ноби ди гъусэщ икІи республикэм и гъащІэм ахэр жыджэру хэтщ. Зауэ ІэнатІэм зэщІыгъуу фызэрыпэрытам и мызакъуэу, фэ иджыпсту фызэкъуегъэувэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпІэзэрыту зегъэужьыным фхуэфащэ хэфщІыхьыну фызэрыхущІэкъум. Фи лІыгъэр, бэшэчагъыр, ерыщыгъэр, Хэкум хувиІэ лъагъуныгъэр щІэблэм я дежкІэ сыт щыгъуи щапхъэ гъуэзэджэу щытынущ. ЗауэлІ-интернационалистхэм, абыхэм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну сохъэхъу».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Пэк1уэр

Ди щхьэр яхудогъэщхъ

Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм зэхьэзэхуэ зыбжанэ къызэригъэпэщащ совет зауэлІхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 27-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ. Афганистаным щыхэкІуэда интернационалист зауэлІхэм я фэеплъым и деж щызэхэтащ абы теухуа пэкІу. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, афган зауэм и ветеранхэр, школакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, журналистхэр.

ПэкІУР къызэІуахыу хэкІуэдахэм дакъикъэкІэ яхуэщІыгъуа нэужь, псалъэ иратащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**.

- Зэманыр макІуэ, ауэ я щІыхьэр кІуэдыркъым Афганистаным щыІа интернационалист зауэлІхэм. Нобэ, дуней псор гугъуехь куэдым щыхэт зэманым, ар нэхъри зыхьдощІэ. Дэ тлъэкІ къэдгъэзнэкъым лІыхъужьхэм я цІэр тІэтыным, хэкІуэдахэм я фэеплъыр тхъумэным, абыхэм я Іыхьлыхэм защІэдгъэкъуэным теухуауэ, - жиІащ Пащтым.

- Кавказым и цІыхуэр сытым деж лІыгъэ зыхэлъщ, щхьэмыгъаззкэщ. ЛІыхъужьыгъэ щыІэрахьащ ди зауэлІхэм Афганистанми. Иджыпсту ДОСААФ-м Іуэху щхьэпэхэр елэжь ди лІыхъужьхэм я фэеплъыр яхъумэн, ахэр щІэблэм щапхъэ яхуэхъун папщІэ. Медалхэр, дамыгъэ лъапІэхэр хуагъэфащэ лІыхъужьхэм. Дыхуейт афган зауэм хэтахэм я цІэр нэхъыбэрэ къраІуэну. Ди республикэм и тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ абыхэм гупыІтэ зэрыхуамыщІыр, я эы тхыгъэ къыззрыхамыгъэщІыр ди жагъуэщ, - жиІащ КъБР-м и ДОСААФ-м и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **МэщІыхъу Хъусейн**.

КъБР-м и дзэ комиссариатым и лэжьакІуэ **Мэрзей Хьэдис** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ лІыхъужьхэм къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэр я гуащІэкІэ, я гъащІэкІэ, я узыншагъэкІэ къызэралъхьар. ЩІалэгъуалэр къыхуриджащ абыхэм щапхъэ трахыну, Хэкур, къэралыр фІыуэ яльагъуну.

- Фымыщхьэхыу феджж, Іэдэбагъ зыхэвгъэлъ, адэ-анэмрэ егъэджакІуэмрэ я чэнджэщхэр зыхэфлъхьэ, спортым фыхэт, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм фыщІэтІысхьи щІэныгъэ куу зэвгъэгъуэт, итІанэ фыкъекІуэлІэжи фи щІыналъэм сэбэп фыщІыхьу, - жиІащ абы.

КъБР-м и министр **Къузшырокъуэ Залым** жиІащ Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым деж республикэм щыпсэуэхэр илъэс къэс зэрыщІэзэхуэсыр хабзэ дахэу къызэрилъытэр.

- Мыбдежым хэкІуэдахэр дигу къыщыдгъэкІыж къудейкъым, атІэ а зауэм и ветеранхэм ди щхьэр щахудогъэщхъ,- къыхигъэщащ абы.

КъБР-м ис мусылымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къудзэ **Мисиров Хъызырэ** КъБР-м и члисэхэм я благочиннэ **Бобылев Валентинрэ** хэкІуэдахэм тхьэ хуелъэІуа нэужь, къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ а фэеплъыми «Наллык - лІыхъужьыгъэм и къалэщ» стеллэми. Абдежым къыщыпсэльащ Хэку заузэшхуэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1эуэзда Къарухэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2016 гъэм мазаем и 19-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззм и Іэухуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи мычэзу зэІущІэ.

Щыщ1идзэнур сыхьэт 12-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди къуэш республикэхэм

Нэхъыщхьэр мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид хуэзащ Кавказ Ищхъэрэм и мусылымэнхэм я Іуэхур зыубзыкъу центрым и унафэщІ, КъШР-м и мусылымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и муфтий Бердиев Исмэхьил-Хьэжь.***

АХЭР Іуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ, 2016 гъэм къапэщыт къалэнхэри хьыхьу. ЩхьэхуэУ къытеувыІащ щІалэгъуалэр экстремизмэм пІэщІэ щІыным, къытущІэхъуэ щІэблэр псэ къабзэу къэгъэтэджыным, ислъам диным и хабзэхэм хуегъэджэным.

Темрезов Рашид хьыкигъэщащ республикэм и унафэщІхэмрэ дин лэжьакІуэхэмрэ зэдай къалэн нэхъыщхьэ къаззрипэщытыр. Ар, сыт хуэдэ дин зэрахьэми, пщІэрэ ныбжьэгъуГэрэ яку дэлъынырщ. ЖиІащ ар яхуэзфІэкІынымкІэ дин унафэщІхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Сабий сымаджэхэм ядоІэпыкъу

АДЫГЕЙ. ***Лъшх узыфэ хьэлъэр зыпкърыт сабийхэм ядэІэпыкъун папщІэ «Гу къабзэ» зыфІащэ Іуэхум ипкъ иткІэ зы тхьэмахуэ зэхуакум сом мин 40 зэхуахьэсащ. Абы щыщу сом мин 15-р Мейкъуапэ дэт медицинэ колледжым щрагъэкІуэкІа псапащІэ жармыкІэм къыпэкІуащ.***

МАЗАЕМ И 15-м, Лъшх узыфэ зыпкърыт сабийхэм я махуэм, унагъуи 4-м псапэ ахъшэм щыщ Іэрагъэхьащ. Адыгейм и цІыкІуэхэм я къыщхьэщыжакІэу Ивашин Александр и псалъи хэлъу, Іуэхум щыпащащ Гиагин районым. Абы щыщ сабии 7-м я адэ-анэхэм ахъшэ ираташ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Эро Жан-Марк министру ягъэув

Франджым нэгъэущІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Фабиус Лоран и къулыкъум текІащ.

Министерствэм и лэжьыгъэр иджы зыуэзгъэльнур Эро Жан-Маркщ. А къулыкъум ягъэувыным щыгугъащ экологиемкІэ министр Руаль Сеголенрэ нэгъуэщІ къэралхэм сату ядэщІыныбмкІэ секретарь Фекл Матиасрэ.

Франджым и президент Олланд Франсуа абыхэм яхэдэу Эро къыщІыхихари жиІащ. Президентым къызэрилъытэмкІэ, илъэс 66-рэ зи ныбжь Жан-Марк къэралым и Правительствэм и унафэщІу 2014 гъэ пщІондэ лэжьащи, абы Іуэхум зыхигъэгъуэзэным зэман лей тригъэкІуэдэн хуей хъунукъым.

«Эро Жан-Марк министерствэм къыпэщыт къалэнхэми фІыуэ щыгъуазэщ, абы пыщІа Іэнатіэхэм я лэжьакІэми хъарзынэу хещІыкІри, и къулыкъум псынщІэу Іэижь зэрыхуэхъунум шэч къытесхьэркъым», - къыхигъэщащ Олланд.

Фабиус Лорани Іэнатіэнщэу къэнэнукъым - зэрыжаІэмкІэ, ар къэралым и Конституцэ судым и унафэщІу ягъэувынущ.

Ерыскъыр - щІыхуэу

Унагъуэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр, хьэпщыпхэр, унэлъащІэхэр щІыхуэу зэратым десэжащ, ауэ апхуэдэу къэпщэху хъуэм ерыскъыхэри къахьыхьэну ди гугъакъым.

Ди къэралым абыкІэ щапхъэ щигъэлъагъуэу хуежьащ Владивосток къалэм - тыкуэнышхуэхэм ящыщ зым къекІуалІэ щэхуакІуэхэм Іэмал яІэщ зыхуей ерыскъыхэкІыр къащтэу щІэкІыжыну, абы и уасэр нэхъ иужьыІуэкІэ къратыжыну щэсыпІэ ихьэмэ. Къэралыр зэрыт экономикэ щытыкІэ гугъум къыдэкІуауэ къалытэ ерыскъыхэкІэр щІыхуэу зэрат картэхэр къежьэныр. Къащтам и уасэр мазищым къриубыдэу япшыных хъунущ. Абы щхьэщатыкІынури проценти 3 - 5 хуэдизщ.

Пэжщ, щІыхуэу «щхэну» хуейкэр зэкІэ куэд хъурькъым - илъэсыщІэр къызэрихьэрэ тыкуэным апхуэдэу Іахар сом мин 40 и уасэ ерыскъыщ.

♦Литвам щагъэлъапІэ я къэралыгъуэр щызэфІагъэувэжа (1918 гъэм) махуэр

♦1571 гъэм Грозный Иван Іэтридзащ «Плъырхэм, гъунапкъэхъумэ ІэнатІэхэм я Іуэхукіэ» унафэм. Аращ Урысейм и дзэм теухуа япэ хабзэу къалъытэр.

♦1722 гъэм Пётр Езанэм къыдигъэкІащ «Пащтыхьыгъуэр зыльысынум теухуауэ» унафэм.

♦1946 гъэм ООН-м Экономикэ, социальнэ Іуэхуэхэмкіэ и советым и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ ЦІыхуэ и хуитынигъэхэмкІэ комиссэ.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал **Тухачевский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Урысей шахматисткэ, цІыхубэхэм я дунейпсо зэпеуэм япэу чемпион щыхъуа **Менчик Верэ** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Кубаным Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь, Краснодар крайм и губернатору, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и сенатору, Къэрал Думэм и депутату щыта **Кондратенко Николай** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, ЩІДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакІуэ **Болэ Ильзитэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 15, жэщым градуси 8 – 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Вым лъэмыІэсыр гуфэм йоуэ.

● Коллегиехэр

Зэ1ущ1эм и пэщ1эдзэм республикэм и спортсмен нэхъыфI1эр игъэлъэпIащ.

Я зэфIэкIхэр къэралпсо утыкум къыщалъытэ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм мазаем и 11-м щызэхэтащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм и коллегие. Абы къыщащыгъакIэ 2015 гъэм кърахьэлIа лэжьыгъэхэмрэ 2016 гъэм къапэщылъэхэмрэ.

ЗЭ1УЩ1ЭМ къарагъблэгъат министерствэм и нэ1э щ1эт къэрал Iэхъущ1апIэхэм, щ1ыпIэ администрацэхэм, республикэм и щ1ыналъэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетхэм, спорт федерацэхэм я унафэщ1хэр.

Коллегиер къызэ1уихащ КъБР-м спортымкIэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч**. И къэпсэлъэныгъэм и пэщ1эдзэм ар ехъуэхъуащ 2015 гъэм КъэбэрдейБалъкъэрым и спортсмен нэхъыфI ехъуэхэм икIи абыхэм саугъэтхэр яратащ. Апхуэдэу илъэс блэкIам нэхъыфIу кьалъытащ Европэмрэ дуней псомрэ атлетикэ псынщ1эмкIэ и чемпион хъуа Кучинэ Марие, тэмэму зэхэзыныххэм дзюдомкIэ я Урысейпсо чемпионатым щытекIуа, Европэм и чемпионатым дыжьын медаль къыщ1ыхьа Тэнащ Иннэ, кикбоксингымкIэ Урысейм я дуней псомрэ я чемпион Жэгъуп ФатIимэ, спорт бэнэкIамкIэ УФ-м и чемпион, дунейпсо чемпионатым жэз медаль къыщ1ыхьа Джэду Iэниуар, спорт бэнэкIамкIэ «Иван Ярыгин - 2015» дунейпсо зэхьэзэхуэмрэ Урысейм и чемпионатымрэ дыжьын медалыр къыщ1ыхьа Мусукаев Исмэхьил, алыджурым, бэнэкIэ хуит л1эужьыгъуэхэмкIэ дунейпсо чемпионатым жэз медалхэр къыщ1ыхьа Махуэ Билал, Европей джэгуэн дзюдомкIэ дыщэ медалыр къыщ1ыхьа Мудрэн Беслъэн, зи узыншагъэм нык1ыусаныгъэ и1эхэм атлетикэ псынщ1эмкIэ я Урысейпсо чемпионатым щытекIуа Ботвич Иван, щ1ызауэ хьэлъагъым дуней псом и боксёр нэхъыфI 15-м я щ1ыщ1 Туменов Альберт, I1эпщэрыбанэ зэзауэхэмкIэ дунейпсо чемпион Мырзэкъан Азэмэт, кёкусинкан, катэ, кумитэмкIэ УФ-мрэ Европэмрэ я чемпион Биткаш Емельян, грэпплингымкIэ Урысеймрэ дуней псомрэ щытекIуа Пщ1ыхьэщ1э Альберт сымэ.

Министрым и докладыр къыщ1ыдзащ спортымкIэ зыгъэсэным щ1ыхь нэхъыбэ къешэл1а зэрыхъун щ1ыкIэм теухуауэ псалъэмакъымкIэ.

- Щ1ыхьбэм сыт хуэдэ ныбжьыми спортымкIэ зигъэсэну I1мал и1эн папщIэ 2015 гъэм едгъэкIуэкIащ зэхьэзэхуэу 100-м щ1игъу, - жи1ащ Хъущтым. - Абыхэм ящ1ыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1эхэм ящ1ыщ «Спортымрэ узыншагъэмрэ я декадэр», республикэм и щ1ыналъэхэри къэзэрэ къызэщ1эзыубыда «Мини-футболыр - школхэм» урысейпсо проектыр, «Лъэпкъ кросс», «Олимп махуэ» урысейпсо зэхьэзэхуэхэр, Самбэм и урысейпсо махуэр, пенсионерхэм, къэрал Iэхъущ1апIэхэм, студентхэм я спартакиадэхэр, нэгъуэщ1хэри. Псори зэхэту абыхэм кьызэщ1ауэбыдащ ц1ыху мин 12-м щ1игъу.

Зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэу, ц1ыху мини 5-м щ1игъу зыхэтауэ, ди деж щекIуэкIащ УФ-м и Къэрал Хъущтым. - Абыхэм ящ1ыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1эхэм ящ1ыщ «Спортымрэ узыншагъэмрэ я декадэр», республикэм и щ1ыналъэхэри къэзэрэ къызэщ1эзыубыда «Мини-футболыр - школхэм» урысейпсо проектыр, «Лъэпкъ кросс», «Олимп махуэ» урысейпсо зэхьэзэхуэхэр, Самбэм и урысейпсо махуэр, пенсионерхэм, къэрал Iэхъущ1апIэхэм, студентхэм я спартакиадэхэр, нэгъуэщ1хэри. Псори зэхэту абыхэм кьызэщ1ауэбыдащ ц1ыху мин 12-м щ1игъу.

Зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэу, ц1ыху мини 5-м щ1игъу зыхэтауэ, ди деж щекIуэкIащ УФ-м и Къэрал Хъущтым. - Абыхэм ящ1ыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1эхэм ящ1ыщ «Спортымрэ узыншагъэмрэ я декадэр», республикэм и щ1ыналъэхэм зэзауэхэмкIэ дунейпсо чемпион Мырзэкъан Азэмэт, кёкусинкан, катэ, кумитэмкIэ УФ-мрэ Европэмрэ я чемпион Биткаш Емельян, грэпплингымкIэ Урысеймрэ дуней псомрэ щытекIуа Пщ1ыхьэщ1э Альберт сымэ.

Министрым и докладыр къыщ1ыдзащ спортымкIэ зыгъэсэным щ1ыхь нэхъыбэ къешэл1а зэрыхъун щ1ыкIэм теухуауэ псалъэмакъымкIэ.

- Щ1ыхьбэм сыт хуэдэ ныбжьыми спортымкIэ зигъэсэну I1мал и1эн папщIэ 2015 гъэм едгъэкIуэкIащ зэхьэзэхуэу 100-м щ1игъу, - жи1ащ Хъущтым. - Абыхэм ящ1ыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1эхэм ящ1ыщ «Спортымрэ узыншагъэмрэ я декадэр», республикэм и щ1ыналъэхэри къэзэрэ къызэщ1эзыубыда «Мини-футболыр - школхэм» урысейпсо проектыр, «Лъэпкъ кросс», «Олимп махуэ» урысейпсо зэхьэзэхуэхэр, Самбэм и урысейпсо махуэр, пенсионерхэм, къэрал Iэхъущ1апIэхэм, студентхэм я спартакиадэхэр, нэгъуэщ1хэри. Псори зэхэту абыхэм кьызэщ1ауэбыдащ ц1ыху мин 12-м щ1игъу.

Зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэу, ц1ыху мини 5-м щ1игъу зыхэтауэ, ди деж щекIуэкIащ УФ-м и Къэрал Хъущтым. - Абыхэм ящ1ыщ нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1эхэм ящ1ыщ «Спортымрэ узыншагъэмрэ я декадэр», республикэм и щ1ыналъэхэм зэзауэхэмкIэ дунейпсо чемпион Мырзэкъан Азэмэт, кёкусинкан, катэ, кумитэмкIэ УФ-мрэ Европэмрэ я чемпион Биткаш Емельян, грэпплингымкIэ Урысеймрэ дуней псомрэ щытекIуа Пщ1ыхьэщ1э Альберт сымэ.

Министрым и докладыр къыщ1ыдзащ спортымкIэ зыгъэсэным щ1ыхь нэхъыбэ къешэл1а зэрыхъун щ1ыкIэм теухуауэ псалъэмакъымкIэ.

- Щ1ыхьбэм сыт хуэдэ ныбжьыми спортымкIэ зигъэсэну I1мал и1эн папщIэ 2015 гъэм едгъэкIуэкIащ зэхьэзэхуэу 100-м щ1игъу, - жи1ащ

КІЭРАШЭ Тембот, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат

«Шу закъуэ» романым щыщ пычыгъэ

Ерстэм дызгурыгъэм яхурокъу

АБЭЗЗХЭ бгыжьхэр къыззэринэкІами, Ерстэм къыззэрыхьа щыналъэри щІыгу занщІэ дыдэу щыткъым. Тыбгсыбг хьэзырщ. Мэзыр иджыри къобжІ - кІэмыргуейжм я лэжьапІэ-псэупІэм нэса щыкІэкъым. Ауэ мэзыр есэ абэзэкъм я мэзым хуэдэжкъым. Абэзэкъ мэзыр жыгышхуэ гуэрэнщ. КІэмыргуей мэзыр Іувщ, гъэрыпІэм упхыпІыныи пльэмыкІыну мэз зэщІэкІэжащ.

Гъэхъунэшхуэ зырызхэм ирохьэлІэ, ауэ а гъэхъунэхэр гъавэ щІапІэкъым, мэкъупІащ. Хэкуитым я щІыгу зэпылъыпІэр зэгъуэкІыпІащ, жылагъуэхэр, зызэщадзей хуэдэ, гъунапкъэм лъэныкъуитымкІи Іугъэкіуащ.

Мы щІыналъэ зэгъуэкІыпІэхэрщ цІыху нэгъуаджэхэм я нэхъ зекІуапІэр. КІэс зэрахь лъагъуэ пхыдзахэри пхокІ мы щІыналъэ зэгъуэкІым. Хамэ хэку къраш гъэрхэр нахуэу зэрашэн щтэркъым. Ауэ адыгэ гъэр зэрашэн хъумэ, адыгэ жылагъуэхэр нэхъ Іуву зэрыс щІыпІэхэм къыпакІухь. Мыпхуэдэ хэку гъунапкъэ зэгуэлъыпІэхэрщ адыгэ гъэрхэр щІызэрашэр. Лабэ къыщожьэри Мэхъуэшымрэ Елджэрыкъуейммрэ я щІыгу зэгуэлъыпІэр къызэпаупщІ, Абэзэхэмрэ КІэмыргуеймрэ, итІанэ Абэзэхэмрэ Бжьэдыгъымрэ я гъунапкъэхэр яубыдри Шапсыгъым йохьэ, хы Іуфэжми нахуС. Ауэ Шапсыгъым гъэр кІуэщІрыпшыныр тынштэкъым, абы щыщ пэщэгъу уиІэн хуейт абы щхьэкІэ.

Лабэпэ ищхъэрэкІэ Псыжь кхъуафэкІэ зэпрыпшыпри тынштэкъым, адыгэ укъимыщІэу зешэгъуейт. Пхъэр къалъежьэмэ, куэд ирагъэкІуртэкъым - щІэх дыдэ яубыдырт. Шапсыгъ пэшэгъу зимыІэмрэ Псыжь кхъуафэкІэ зешэмыкухэмрэ Лабэкіэ яунэтІырт. Лабэ зэпрыкІырти, нэгъуейжм яхьихьэрт, яІуэтэнкІи яубыдынкІи кхьиэмыщтыкІыжу, Уарп ипщэкІэ Псыжь екІуэлІэрт, икІыпІэр ящІэрти. Адэкіэ, кьрагъэзвыхьжынти, Псыжь и ижьырабгъу лъэныкъуэр яІыгъыу, Нэгъуей щІыналъэм итурэ, гъэрыр Къаплу е Темэн кьалэ нагъэсырт. КІэс нэхъыбэ ззэыгъэуІуам, абыи блэкІырти, хьІтІуалэр зэпаупщІыртэ, Кърымым кэрсыр. Кърым хъаныр зыдэс Бахъшысэрей нэзыхуэси щыІэт.

Ерстэм зэи тІэуи щаІущІащ а щІыпІэм шу нэгъуаджэжэм. «ЦІыхум яхэтмэ, узэркъым уэркъ хабзэ зэрахьэ, мэзыбу щІыхьамэ, дыгъужьщ», - жаІэ абэзэхэм, ар Ерстэм и щхьэкІэ игъэнэхуащ. Шу закъуэу уапэщІэхуэрэ къыппэлъэщыну фэ къыуалъпамэ, уахъынщІэн тІэу еплъынукъым. Езым абэзэхэ гъунапкъэм щалэжь бзаджагъэр абэзэхэхэм тралъхьэнри я хабзэщ. Абы къыхэкІкІэ я гъунапкъэм уэркъ шу къуэджажэм щаІууэнын абэзэхэхэм зыщаХьумэу щытащ. Ерстэми, адрей абэзэхэхэми хуэдэу, мы щІыпІэм зыгуэрым пэувэгъу щыхуэхъуну хуейтэкъым. Иджыпстуи арат: бзаджэ гуэрхэм я гуэрэгъу къыслымыкьарэт жиІэу, гузавэу и гъэгу тетт.

Ерстэм гъэхъунэшхуэ гуэрым ихьащ. Гъэхъунэм и гъунэжэр мэкъупІэт, и гуэзгур нартыхупкъэт, мэшыпкъэт. Гъатхэ пасэт. Абэзэхэм я нартыхур тхьэмпищ хъуа къудейт, мыбы Іэфракіэ и лъагагъ хъуат, мэшри арат.

ГъэщІэгъэнщ мы щыгум и щытыкІэр, жеІэ игукІэ Ерстэм. Мы губгъэм сыт хуэдизрэ къихьэни, игъэщІагъэ зэпытщ. Есэркъым, гумащІэ къэмыкъунт лъэныкъуитым. Я пси, и мэзи, я жьажьэ плъэпІи нэгъуэщІ гуэрщ. «Бгы пІэгъэ уІумыплъэу, уи нэм зыгуэр къыІуимыдзэу, гъэщІам нэхъей, дауэ уззрыпсэунур? Зэшыгъэщ...» Япсхэми умыщІэхъэу укъагъэпцІынущ: чэнжщ жьипІэу ухэмыхьэ, псы щІагъэм щІэлъ ятІэм ухэмыбэлэрыгъ. Псы цІыкІум утегушхуэнщи, ухьихьэщ, шым ерагъыуэ узэрызэприхьнур. Аущэдэкъым абэзэхэм япсхэр, укъагъэпцІынукъым: я кууагъи я чэнжагъи зэрыпІагъущ. Я нэхъ мэз дыджьым къыщІэж псы ини псы цІыкІуи мывэ хьэкхъуафэм ирижэм хуэдэщ, я щІэр мывэкІэ пкІащ.

Мыбы я дыгъэ къыкъуэкІыкІи нэгъуэщІщ, жери, Ерстэм, ар игу къыщыкІыжьым, къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ пльащ. Дыгъэр къыкъуэкІыи и пэ уафэ джабэм пшэ техьэ-текІыр щызоуэ, жаІэ ешэ зэмыфэгъубэр щызэщІонэ. Губгъуэ ихьауэ ар илъагъуху, Ерстэм имыгъэщІэгъуэн лъэкІыркъым: дыгъэм щІыгу гъунапкъэ дыдэм зыкъыщІэту къыщІохьу. Абэзэхэм дыгъэм и къыкъуэкІыгъуэр и пльагъуркъым. ЯпащІыкІэ кьигъэнэжнщ бгыщхэ лъагэхэр, итІанэ, махуэр зэрыхъун хъуаэу, дыгъэр къалъагъунщ. Абэзэхэм я пащхь сыт щыгъуи кьитщ бгы папцІэ гуэр. Къурышцхэ уэсымрэ мывэ къурш къуабэжьабэхэмрэ дыгъэр зэрыщыджэгур Абэзэхэрщ зыщыпльагъур, апхуэдэр мы губгъуэ сэтейм щыпльагъунукъым.

Гъэхъунэм и ныкъуэр зэпичауэ, Ерстэм игу къэкІыжащ мэз гуэрэн гуэр щІэкІын хуей зэрыхъунур. БжьэдыгъымрэКІэмыргуеймрэ мэз гуэрэныр щышынагъэщ: хъунщІакІуэм я тІыеспІэщ. Мыпхуэдэ гъэхъунэшхуэхэм ит мэз гуэрэныр щыхьэ къыхьахри. Гъуэгур зыхьыхь мэз гуэрэным къыхотІысхьэри шу гъуэгурыкІуэ къыкъуэкІынум поплъэхэ. Зэхъуэпсэн Іэщэ-фащэ зыдамыпІагъу шур благъэкІ. Ауэ шу екІу къащихьэпІэкІэ, кьытоуэри яхъунщІэ, лъэсу, пІанэу яутІыщцыж. Щ1ащІэщІэ къапэщІэхуэмэ, кІэс ящІ, япхъуатэ щІэрыпІэ. Ерстэм ящІ, япхъуатэ щІэрыпІэ. Ерстэм ящІ, япхъуатэ щІэрыпІэ. Ерстэм

НэхъыфIхэр ягъэлъапIэ

Щоджэнцыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 115-рэ, Кlуащ Бетlал илъэс 95-рэ, Къажэр Пётр илъэс 80, Iутlыж Борис илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуауэ екlуэкlа республикэпсо зэпеуэр мазаем и 5-м Щоджэнцыкlу Алий и музейм щызэхуащlыжащ.

МЫ ЗЭПЕУЭР Щlалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкlэ республикэ уардэунэм зыкъом щlауэ ирегъэкlуэкl. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр еджакlуэхэр нэхъ куууэ ди тхакlуэхэм я ГъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ щыгъэгъуэзэныр, анэдэлхубзэр ящымыгъупщэу, лъэпкъым и къулеягъыр зыхащlэу къэгъэтэджынырщ.

Зэхьэзэхуэм къагъэхьат адыгэбзэкlэ, балъкъэрыбзэкlэ, урысибзэкlэ тха лэжьыгъэхэр - еджакlуэхэм езыхэм зэхалъхьа усэхэр, рассказхэр, эссехэр, ищхьэкlэ къыхэдгъэща тхакlуэхэм я Iыхьлыхэм я гукъэкlыжхэр.

Нэхъыфlхэр къыщыхахым къэпщытакlуэхэм гулыитэ нэхъ хуащlащ сабийхэм я лэжьыгъэм дызэрыт зэманым мыхьэнэуэ яlэнкlэ хъунум, иужькlэ ахэр къыщыбгъэсэбэпыну щыпIэхэм.

Унэтlыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыкlырти, «Щlэныгъэкъохутэныгъэ лэжьыгъэм» пашэныгъэр къыщахьащ Къулъкъужьи дэт курыт школ №94-м и еджакlуэхэу Тхьэгъэпсэу Каринэрэ Кумыщ Миланэрэ.

Щоджэнцыкlу Алий, Iутlыж Борис, Къажэр Пётр, Кlуащ Бетlал сымэ я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэхэмрэ зэпеуэм щызэхухаха Iыхьэм щытекlуащ Лэскэн районым и ДОД ДДТ-м и гъэсэнхэу Бэдракъ Амир, Щхьэгъэпсэу Радимэ, Азэмэт Алёнэ, Аруан дэт школым и еджакlуэ Мэрзэлы Ланэ сымэ.

«Езыхэм я тхыгъэхэр» Iыхьэм щытекlуащ Тэрч къалэ дэт 3-нэ курыт школым и еджакlуэхэу Къазбэч Илонэ, Хьэцlыкlу Каринэ, Хьэгъур Наинэ, Нартан и 2-нэ курыт школым къикlа Сабий Дианэ сымэ.

Зэсе зытхахэм ящыщу япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Бахъсэн районым и ДОД ЦДТ-м и гъэсакlуэ Пщыхьэщlэ Дамир, етIуанэр къихьащ Псыгуэнсу и курыт школ №93-м щеджэ Къудей Миленэ, ещанэ хуахэщ Хьэтlохъущыкъуей дэт 3-нэ курыт школым и еджакlуэ Нэхущ Марьянэрэ Псыгуэнсу и курыт школ №93-м щlэс Жыгун Дианэрэ.

Адыгэбзэкlэ «Езыхэм зэхалъхьа усэ» Iыхьэм япэ увыпIэр къыщахьащ Бахъсэн районым и ДОД ЦДТ-м и гъэсэн Бакъ Юлианэрэ Нартан курыт школ №92-м и еджакlуэ Урыс Иринэрэ, етIуанэ хуащ Бахъсэн районым и ДОД ЦДТ-м и гъэсэн Бахъсэн Дианэрэ Псыгуэнсу и 3-нэ курыт школым щеджэ Шэрыгужь Рустамрэ, ещанэр хуагъэфэщащ Инарыкъуей школым и еджакlуэ Шэрий Аидэрэ Тэрч къалэ дэт 3-нэ курыт школым щеджэ Iэтэ Сабинэрэ.

Рассказ тхыныжьмкlэ текlуащ Бахъсэн районым и ДОД ЦДТ-м и гъэсэнхэу Сэбаншы Миланэрэ Шыгъэлыгъуэ Еленэрэ, Лэскэн районым и ДОД ДДТ-м и гъэсэн Къалэбатэ Изабеллэ, Къэхъун дэт курыт школ №91-м и еджакlуэ Шыбзыхъуэ Бэллэ сымэ.

Тхакlуэхэм ятеухуауэ адыгэбзэкlэ ятха эссехэм ящыщу лэжьыгъэ нэхъыфlу къалъэитащ япэ увыпIэр хуагъэфэщащ Инарыкъуей школым и еджакlуэ Iимам Заирэт, етIуанэр зэдгъэщащ Инарыкъуей школым щеджэ Шыдакъ Заремэрэ.

Абыхъэм къыщызэмыщlауэ, къэпщытакlуэхэм ягу ирихьауэ къыхахъэщащ Инарыкъуей школым и еджакlуэхэу Джатэжьей Миланэрэ Тумэ Азэмэтрэ я лэжьыгъэхэр, Тэрч къалэ дэт 3-нэ курыт школым щеджэ Шыхъуэ Дисанэ и Iэдакъэщlэкlыр.

Зэпеуэм хэта псоми фIыщlэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ, текlуахэм щlыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Текlуэныгъэр зыIэрагъэхьауэ кадет ныбжьыщlэхэм къагъэзэжащ.

● Щlэблэ

ХьэтIохъущыкъуей икlахэр къыхожаныкI

Сочэ къалэм щекlуэкlащ «Олимпийская завтра России» урысейпсо щlалэгъуалэ форумым хиубыдэу къызэрагъэпэща «Олимпийская зарница» зэпеуэр.

АБЫ И КIЭУХ Iыхьэм хэтащ командэ 33-м щIигъу, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт кадет школ-интернат №91-м и гъэсэнхэри ящыщ зыуэ. Мы Iуэхум къызэщlиубыдащ Урысей Федерацэм и щlыналъэ 55-м щыщ ныбжьыщlэ мини 3.

Слётым и хьэщlэ лъапIэхэт Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ-космонавт Ревин Сергей, кхъухьлъатэзехуэ Шарпатов Владимир, тIасхъэщlэх цIэрыIуэ Куков Валерий сымэ.

Слётыр къыщызэIуахым хэтащ, а зэманым еджэныгъэ-зыгъэсэныгъэхэр Сочэ щезыгъэкlуэкlа ди дзюдоист цIэрыIуэхэу Тау Хьэсэнбий, Даур Анзор, Занкишиев Къазбэч, Къамбий Аслъэн сымэ.

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и кадет школ-интернат №91-м и командэр щытекlуащ «Олимпийская зарница» дзэхэкупсэ слётым. Апхуэдэу Къэбардей-Балъкъэрым и кадетхэр щытекlуащ пневматикэ Iэщlакlэ нэщанэм еуэныжьмкlэ, комплексно-къару упражненнэмкlэ, футболымкlэ, сэлэт сатыр кlуэкlэмкlэ, уэрэд жыIэкlэмкlэ зэпеуэхэм, ГТО мардэхэр тынымкIи зыри къапэлъэщакъым.

Алэкъул Мурат япэ увыпIэр къыщыхьащ «ГТО мардэхэр дот» зэпеуэм, АкIэжь Амырхъан комплексно-къару упражненнэхэмкlэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ, Попов Артём «КъэкIуэнум Iэщlагъэ схуэхъунур» сочиненэ зэпеуэм щытекlуащ.

- Ныбжьыщlэхэм яхуэзэфIакI псори къызэрагъэлъэгъуэным хущlэкъуащ, зыхуэпабгъэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ. Абыхъэм ныбжьэгъуэгъэ яку дэлъщ, жыджэрхэщ, екlуу заIыгъщ. Сочэ дыкlуэныр зэрытхузэфIэкlар кадетхэм я адэ-анэхэм я фIыгъэщ, - жеIэ школ-интернатым и унафэщI Ует Iэхьиящ.

Зэрытекlуамкlэ Кубокыр яIыгъыу кадетхэр гуапэу, дахэу къыщыгалъэфлэгъэжащ я школым.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIыналъэдзэ судым щыхоплъэ

**КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыщ цIыхухъым хуэфIэзэауэ къызэIуаха уголовнэ Iэхуэмкlэ тхылъым. Ар ягъэкlуанщэ УФ-м и УК-м и 205.1-нэ статьям и япэ Iыхьэм, 208-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 222-нэ статьям и япэ Iыхьэм, 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам папщIэ (терроризм хьэгъэщагъэ зэрилэжьам, хуимыту Iэщэ къэзыщтахэм зэрыдэIэпыкъуам, щэхэмрэ наркотик щхъухьхэмрэ хабзэм къемызэгъыу зэрызыIэригъэхьам, зэрихъумам къыхэкIыу).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкlэ, ди республикэм щыщ цIыхухъум зэщlэуэзда бандэ гупым и унафэщlхэм ящыщ зым ахъшэ иритащ. Терроризм щIэпхъаджагъэхэр ялэжьын, хабзэхъуэмэхэм ятеуэн, цIыхухэр ягъэшынэн мурадкlэ, абыкlэ къагъауэ Iэмэпсымэ Iэрыщlхэр ягъэхьэзырын хуейт.

Къищынэмыщlауэ, хуимыту Iэщэ къэзыщта гупым хэтхэр ерыскъыкlэ къызэригъэпэщырт, щэхэмрэ наркотик щхъухьхэмрэ къиГуэтырт икIи икъумэрт.

Зэрагъэкъуанщэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн папщlэ, уголовнэ Iэхуэр Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ дзэ судым иратащ.

Насыпымрэ фIымрэ хуэлажьэрт

И ПСЭУГЪУЭ дахэу дунейм ехьжащ Бозиевэ Айнэ Жашау и пхъур. А хьыбар гуаэр зыхэзыщlар Бозиевхэрэ Аттаевхэрэ я лъэпкъэм, ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэм я закъуэкъым, атlэ ар гущlыхьэ ящыхьауащ ар зыцIыхуу щыта псоми, уеблэмэ зэ фIэкlа абы хуэмызэхэми.

Зэ еплъыгъэкlэ ар гъэщlэгъуэн пщыхъункlэ мэхъу, ауэ Айнэ и цIыху щыкlэр къапщlэмэ, псори гурыIуэгъуэщ. И дуней тетыкlэкlэ зыхэтым къахэщырт, цIыху гуапэт, хьэлэмт, гъэсат, Iущт, гулыитэ зиIэт. Зи IащIагъэм фIыуэ хэзыщlыкI дохутырыр и къаруи и щlэныгъи ирихьэлIэу илъэс куэдкlэ цIыхухэм яхуэлэжьащ - узыншагъэкlэ яхуэупсащ, сымаджэхэм я узыр ящхьэщихащ, гугъэ яритыжурэ гъащIэм хигъэплъэжащ.

Ар щхьэгъусэ гъуэзэджэт, анэ гумызагъэт, пхъу, шыпхъу гумащIэт, ныбжьэгъу пэжт. И благъэ-Iыхьлыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъунырт, щыхуэныкъуэм ядэIэпыкъунырт, чэнджащlкlэ Iуэхум тригъэгушхуэнырт, псалъэ гуапэкlэ гъэгуфIэныр махуэ къэс игъэзащlэ къалэнт.

Айнэ гъащIэри цIыхухэри фIыуэ илъагъурт, мурадышухэзэри иIэт, езыр гуакIуэт, нэфIэгуфIэт, жант, хьэлэмт, гущlэгъулыт, сытым дежи фIымрэ нысыпымрэ хущlэкъурт. Апхуэдэу ар ди гуми кIинэнущ, и фэеплъри тхъумэнущ.

Iыхьлыхэр, благъэхэр, лэжьэгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр.

● Хъыбарегъащlэ

ИIэт, щIалэхэ!

НАЛШЫК дэт «Галерея» ТРК-м хэт «Azzuro» фитнес клубым мазаем и 25-м сыхьэт 15-м щекlуэкlынущ «ИIэт, щIалэхэ!» спорт-акъыл жан джэгу. Ар къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щIалэгъуалэ Iэхуэхэмкlэ и къудамэмрэ «Azzuro» фитнес клубымрэ.

Зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэщ щIалэгъуалэр гъащIэ узынщэм къыхуедэжыр, хабзэм къемызэгъ Iэхуэгъуэхэм пэIащlэ щIыныр.

● Футбол

Япэ зэIущIэм щытекlуэ

Крымск къалэм (Краснодар край) и «Гигант» спорт-комплексым зыщызыгъасэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм мы гъэм я япэ джэгуГуэр абы щрагъэкlуэкlащ икIи етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щахьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ Новоросийск и «Черноморец»-р зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм щыхагъэщlащ.

ТХЬЭМАХУЭ ипэкlэ етIуанэ зыгъэсэныгъэ лъэхъэнэм щIэзыдза налшыкдэсхэм къагъэлъэгъуащ зэхьэзэхуэр щызэхаублэжынум зэрыхуэпабгъэр. Ахэр топ джэгуным хуэзэшат икIи тренерхэм къыхагъэщя къалэнхэр дагъэшэу ягъэзащlэрт. Мы гъэм апхуэ ирагъэкlуэныну зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм я щыщlэныгъэхэр къиГъэлъэгъуэн хуейт, адэкlэ нэхъ зэлэжьыпхъэхэр яубзыхун хуэдэу.

2015 - 2016 гъэхэм я зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкымрэ» «Черноморец»-мрэ щызэпэщlэтыну я джэгугъуитIри крахьэлIакIэщ. Абыхъэм ди щIалэхэр щытекlуащ - Новороссийск щыIэу 2:0-у, Налшык къэкlуэжауэ 1:0-у. А Iуэхугъуэм къигъэувырт зым адрейм зыри щимыгъэпщкlуу зэпэщlэтыну.

Джэгум къыщlидзащ налшыкдэсхэм я ебгъэрыкlуэныгъэ лъэщхэмкlэ. «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм щэнейрэ бжьигъэр къызэIуахыфыну щытащ. Япэщlыкlэ Дзэмыхь Марат иутIыпща топыр гъуэм щыдыхьэ дыдэм гъуащхьэхъумэхэм къарэлъащ. КъыкIэлъыкIуэу Бажэ Амир зэуар гъуэм и пкъом техуащ. Загъэпсэхуну икIыным зы мащlэ дыдэ фIэкlа къэмынэжауэ «Спартак-Налшыкым» и капитаным аргуэру Iэмал гъуэзэджэ къыхукъуэкlащ. Арщхьэкlэ «Черноморец»-м и гъуащхьэтетым топым кьригъэгъэзэну хуэзэфIэкlащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм щыщIидзэм налшыкдэсхэм футболиститху зэуэ яхъуэжащ. Абыхъэм ящыщ зым текIуэныгъэр къахуэзыхьа топыр мыгувэу дигъэкlащ. «Черноморец»-м и гъуащхьэхъумэ Таутиев Аслъэн и мыкIуэмытагъэр кьиригъэзэбэпри, Багъэтыр Альберт гъуащхьэтетым и закъуэу бгъэдыхьащ икIи бжьигъэр къызэIуихащ.

Адэкlи ди щIалэхэр нэхъыфIащ. Новороссийскдэсхэм бжьигъэр зэхуэдэ ящIыжыну сыт хуэдизу гугъу зрамигъэхьами, къикIа щыIэкъым. Арати, 1:0-у «Спартак-Налшыкым» япэ текIуэныгъэр мы гъэм зыIэригъэхьащ.

«Черноморец»-м драгъэкlуэкlа зэIущIэр ди щIалэхэм къыщIадзащ Антиповыр, Кузнецовыр, Муравевыр, Дашаевыр, Соблыр, Гъурбыр, Бажэр, Дроздовыр, Каркаевыр, Дзыхьмыщыр, Гугуевыр яхэту. ИужькIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ яхъуэжащ Уэрсейм (гъуащхьэтетщ), Мэкъуауэм, Тебэрдым, Семёновым,Ахриевым, Лелюкаевым, Мэшыкъуэм, Багъэтырым.

Крымск и «Гигант» спорт-комплексым «Спартак-Налшыкыр» мазаем и 20 пщIондэ щыIэнущ. Зыгъэсэныгъэхэм кьадэкlуэу абы иджыри зэныбжьэгъугъэ зэIущIитI иригъэкlуэкlынущ, зыхигъэхьэ хъунухэм щакIэлъыплъынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Залымыгъэкlэ игъэлъаIуэрт

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и управленэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и инспекторхэм къыщIагъэщащ илъэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэс цIыхубзым балигъ мыхъуа и хъыджэбз цIыкIуитIыр залымыгъэкlэ зэригъэлъаIуэр.

IУЭХУР щызэхагъэкlыжа наIуэ къызэрыхъуамкlэ, Кировымрэ Мэлбахъуэмрэ я цIэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж хъыджэбз цIыкIухэр щыпIаIуэрт, кьыхах ахъшэр я анэм иратырт. Ахэр школым мыкIуэуи къыщIэкlащ.

Анэм теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

ХъунщIакIуэм зеумысыж

2-нэ Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет тыкуэныр зыхъунщlар Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и управленэм и лэжьакIуэхэм сэтей къащlащ.

2015 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м сату Iуэхущlапlэм щыхьа ямыщIыхум тыкуэнтетыр игъэшынэри сом мин 17,5-рэ и уасэ мыпIку зыIэригъэхьащ. Ар ищlауэ хуагъэфащэу яубдащ илъэс 17 зи ныбжь щхьэлыкъуэдэсыр икIи ныбжьыщlэм илэжьамкlэ зиумысыжащ.

Къэралым къыщlалъхьуэрт

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и управленэм и лэжьакIуэхэм республикэм и щыхэрым щаубыдащ илъэс 35-рэ зи ныбжь, къэралым къыщlалъхьуэ цIыхухъур.

ЯУБЫДАР нэгъуэщlым и мылъку къызэридыгъуам къыхэкIыу Урысей МВД-м Астрахань къалэмкlэ и управленэм къилъыхьэурт.

Iуэхур зэхагъэкI.

Бзаджащlэхэр сэтей къащl

2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м жэщым сыхьэт 22-м щIалиц нэкIуэпхъуэхэр яIулъу ятеуащ Старэ Шэрэдж къуажэм щыпсэу хьэрычэтыщlэм и унагъуэм. Абыхэм кIэрахьуэрэ сэрэ яIыгъри, зэщхьэгъуэсэхэм я нысэмм фэбжь традзащ. Унагъуэм щыIэтахащ сом 1 600.000-рэ дыщlэхэкIрэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м, УФСБ-м я лэжьакIуэхэм сэтей къащlащ унагъуэм теуа бзаджащlэхэр. Зыр лей зытехьахэм я Iыхьлыщ, абы игуэар нарткъалэдэс щlалэщ, ещанэр Ерокъуэ щыщщ, нэхъапэми и суд ящIауэ щытащ.

Гдыгуэ дыщlэхэкIэмрэ щIэпхъаджащlэхэм къагъэсэбэпа Iащlэмрэ кьытрахащ.

2016 гъэм мазаем и 5-м Санкт-Петербург къалэм щаубыдащ еплIанэри. Ар Старэ Шэрэдж къуажэм щыщщ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Хабзэр къызэпауду ядэркъым

«Шэджэмухуабэсбыт» муниципальнэ предприятэ зэхэтым щылажьэу щытахэм зэрызыхуагъэзар щIыналъэм и прокуратурэм зэхигъэкlащ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭМ къызэригъэлъэгъуамкlэ, нэгъабэ и фокладэ - жэпуэгъуэ мазэхэм цIыхубгъуэм иратын хуея улахуэу сом мин 210-м нэблагъэ Iуэхущlапlэм щыхуэзу телът. Абы щыгъуэми, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и кодексым и 136-нэ статьям ипкъ иткlэ, IэнатIэм щекIуэкI хабзэхэм, гуп (коллектив), лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэм тету ягъэува махуэм фIэмыкIыу, мазэ ныкъуэ къэс улахуэр ятын хуейщ.

Къэпщытэныгъэ нэужьым, щIыналъэ прокуратурэм Шэджэм районым судым игъэхащ лэжьакIуэхэм я улахуэмрэ ар зэграгъэгува махуэхэм пэкIуэ процентхэмрэ «Шэджэмухуабэсбыт» МУП-м къеЫхьыжьным теухуа иск тхылъыр.

Къахута ныкъуасныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну къалэн ящызыщI тхылъ «Шэджэмухуабэсбыт» МУП-м и унафэщlым и цIэкlэ ягъэхьэзыращ. Административнэ къуанщlатэ зэрилэжьамкlэ предприятэм и Iэтащхьэм хуэгъэзауэ Iуэху къарагъэIэтын щхьэкlэ, зыхуэфащэ унафэ къащтащ икIи, щыхэплъэн папщIэ, КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ и къарал инспекцэм ираташ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ гущlыхьэ ящыхьащ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Бирюк Александр Сергей и къуэр** зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм я ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; зыбарыщlэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм -42-26-41; суроттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм яIыщlахьа бжьигъэхэм, къыщlаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Эллэ, редактору Гугъуэт Заремэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящlащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.010 ● Заказ №201